# QARAQALPAQ NAQÍL-MAQALLARÍNDAǴÍ «SUW» KONCEPTINIŃ LINGVOKULTUROLOGIYALÍQ ANALIZI

**G.J.Mambetova,**
*Ulıwma bilim beriw pánleri hám aralıqtan oqıtıw kafedrası docenti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18902693

***Аннотация.*** *В данной статье исследуется специфика репрезентации концепта «вода» в каракалпакском фольклоре, в частности, в пословицах и поговорках. Рассматривается воду не только как жизненно важный природный ресурс в условиях засушливого климата Приаралья, но и как многогранный лингвокультурный код. В работе анализируются основные смысловые линии концепта: вода как основа бытия, этический ориентир, метафора человеческого характера и символ духовного очищения.*

***Ключевые слова:*** *концепт, каракалпакские пословицы, вода, лингвокультурология, паремиология, языковая картина мира, Приаралье, духовные ценности.*

***Annotaciya.*** *Maqalada qaraqalpaq naqıl-maqallarında «suw» konceptiniń sáwleleniw ózgeshelikleri izertlenedi. Suw tek ǵana Aralboyınıń qurǵaq iqlımındaǵı tirishilik deregi emes, al kóp qatlamlı lingvomádeniy kod sıpatında qarastırıladı. Jumısta koncepttiń tiykarǵı mánilik baǵdarları talqılanadı: suw-tirishilik negizi, ádep-ikramlılıq ólshemi, insan xarakteriniń metaforası hám ruwxıy tazarıw belgisi.*

***Tayanısh sózler.*** *koncept, qaraqalpaq naqıl-maqalları, suw, lingvokulturologiya, paremiologiya, dúnyanıń tillik kórinisi, Aralboyı, ruwxıy qádiriyatlar.*

Qaraqalpaq naqıl-maqallarında suw túsinigi áhmiyetli orın iyeleydi, sebebi suw Qaraqalpaqstannıń hám pútkil Aralboyınıń qurǵaq klimatı sharayatında turmıslıq zárúr resurs bolıp esaplanadı. Naqıl-maqallar xalıq danalıǵınıń ıqsham kórinisi bolıp, onda etnostıń dúnyaǵa kózqarası, qádiriyatları hám mentaliteti jámlengen. Aralboyınıń qıyın ıqlım sharayatında qáliplesken qaraqalpaq xalıq mádeniyatı suwǵa tek ǵana utilitarlıq emes, al sakrallıq tús beredi. Qaraqalpaq naqıl-maqallarında suw tek ǵana tábiyǵıy baylıq emes, al turmıs, ádep-ikramlılıq, ruwxıylıq hám sociallıq juwapkershilik haqqındaǵı tiykarǵı túsiniklerdi sáwlelendiretuǵın kóp mánili tımsal da bolıp esaplanadı. Suw haqqında ilimpaz G.Abıqanova «Suw túsinigi insan sanası hám mádeniyatındaǵı eń áhmiyetli túsinikler qatarına kiredi» [1.7] dep atap ótedi.

Konsept - kognitiv lingvistika, lingvokulturologiyanıń izertlew obyekti. Lingvokognitivlik, lingvokulturologiyalıq birlik sıpatındaǵı komponent. Bul túsiniktiń anıqlamaları oǵada kóp bolıwına qaramastan biz eki-úsh anıqlamaǵa toqtap ótemiz. I.B.Fomenko ««Konsept» termini dúnyanıń lingvistikalıq kórinisinde áhmiyetli orın tutadı. Koncepciyalar sisteması: ózi menen dúnyanıń kórinisin (dúnyaǵa kózqarasın), insannıń haqıyqatlıqtı túsiniwin sáwlelendiredi. Koncepciya sózdiń barlıq mazmunı: máni hám konnotaciya, usı mádeniyat iyesiniń sózdiń artında turǵan hár qıylı qubılıslar haqqındaǵı kózqarasın sáwlelendiredi. Dúnyanıń rus

tilindegi kórinisinde suw koncepti áhmiyetli orındı iyeleydi, sebebi suw adamnıń jerde jasap qalıwınıń zárúr shárti» [2.3230] dep esaplaydı. Koncepti boyınsha S.A.Asqoldov: «konsept - bul oyda payda bolgan túsinik. Pikirlew procesinde bizge bir qatardağı predmetlerdiń belgili bir kópligin almastıradı» degen pikir bildiredi. [3. 269].

Suw - tirishilik hám abadanlıq tiykarı bolıp sanaladı. Qaraqalpaqlar, Oraylıq Aziyanıń basqa da kóplegen xalıqları sıyaqlı, dástúriy túrde qurǵaq klimat sharayatında jasaǵan, bul jerde suwdıń bolıwı ómir súriw, sharwashılıq hám diyqanshılıq penen shuǵıllanıw imkaniyatın ańlatqan. Sonıń ushın suwǵa baylanıslı naqıl-maqallar kóbinese, onıń tiykarǵı mánisin kórsetedi:

«*Suw bar jerde - tirishilik bar*». Bul naqılda álemdegi barlıq jaratılıstıń negizinde suw turatuǵınlıǵı, suw birden-bir tirishilik tiykarı ekenligi aytılǵan.

*«Suw bar jerde jan bar»*. Naqılda adamlar óz tirishilik, kún-kórisi ushın barqulla ózlerine, diyqanshılıǵına hám sharwasına qolaylı jerdi izlegen, onı jaǵalap qonıs basqan, bul – suw bar jerde adam da, mal da, haywanat dúnyası da, ósimlikler de bar degen mánisti bildiredi. Ana-jer-suw menen saqıy, suwsız tirishilik joq. Qálegen úlke, qalegen jer suw arqalı shıray ashadı, jer óz ónimin, daqılın berse, suw balıǵın, sharwa tóllerin beredi, al suw bolmasa tirishilik te bolmaytuǵınlıǵı názerde tutılǵan.

*«Suw qay jerde túwesilse, Tirishilik sol jerde túwesiledi»*. (254-b)

Suw hám tirishilik arasındaǵı tuwrıdan-tuwrı baylanıs bar bolıp, bunı xalıqtıń ekologiyalıq sanasınıń kórinisi sıpatında talqılaw múmkin. Suw barmaǵan jer - bul shólistanlıq, sahra, taw-tas. Demek, suw barlıqtıń, tábiyattıń jasarıw tórkini bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq tilinde suwdıń mánisin ańlatatuǵın bunnan basqa da naqıl-maqallar sanı oǵada kóp. Mısalı, «*Suwlı jer – nálli jer», «Suwlı jer - ónimdarlı jer», «Tawlı jer bulaqsız bolmas, Suwlı jer quraqsız bolmas*. (230-bet).

Bul jerde suw - molshılıq, baylıq, tábiyǵıy imkaniyat deregi sıpatında kórinedi.

Solay eken, suw tek ǵana resurs emes, al tirishilik shárti, onıń tımsalı hám rawajlanıwdıń da tiykarı.

Suw mádeniy-ádep-ikramlılıq orientiri sıpatında da túsinikke iye. Qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatında ádette, suw kóbinese etika, ádep-ikramlılıq hám ar-namıstıń metaforası bolıp xızmet etedi. Onı tómendegi naqıldan da kóriwge boladı. «*Suw ishken qudıǵıńa túkirme»*. Bul tek ǵana ekologiyalıq emes, al etikalıq metafora: qıyanet etpe, jaqsı islerdi umıtpa, iygilik alǵan derekke zıyan jetkerme degen de uǵımdı ańlatadı. Xalqımız erte waqıtlardan aq, ishinde awız suw saqlanǵanlıqtan

qudıqqa qásiyetli nárse sıpatında qaraǵan. Oǵan shań-tozań hám t.b nárse túspewi ushın barqulla qudıqtıń awızın bastırıp, suwdıń taza saqlanıwına itibar bergen.

«Suwdıń da sorawı bar». Bunda, barlıq nársede belgili ólshem bolıwı kerek, tejemlilik-insanıylıq, ádep-ikramlılıq ólshemi ekenligin de ańlatadı. Demek, suw ushın da juwap beriwge tuwra keledi. Adam balası, hátteki mol, esap-sansız bar ónimlerdi de zaya etpew, ıqtıyatlıq penen qaraw kerekligi, keleshek áwladtıń da olarda úlesi bar ekenligin umıtpaw kerekligi názerde tutıladı. Bul resurslar tutınıwı ushın juwapkershilik ideyasınıń kórinisi.

*«Suw aǵar - ar tazarar»*. Ádette, barlıq pataslıq suw menen tazaradı. Onı dinimizde suw hadallıq belgisi sıpatında da sanamızǵa sińgenligin aytıp ótiw orınlı. Bul naqıl quramında tereń filosofiyalıq pikir bolıp, suw tazarıwdıń, qayta tikleniw, keshirim qásiyetlerin ańlatadı. Demek, naqıl-maqallarda suw ádep-ikramlılıq, ádillik hám morallıq minnet belgisi de boladı.

Suw xarakter, minez-qulıq, sóylew metaforası sıpatında da belgili. Naqıl-maqallar insanıylıq pazıyletler - aqıl, sóylew, minez-qulıq sıyaqlılardı súwretlewde suw obrazlarınan paydalanadı.

«*Aqıl - suw, sóz – dárya*». Insan aqıl sanası bul naqılda suwǵa, al sóyleytuǵın sózi dáryaǵa, dárya suwına teńgerilgen. Suw menen aqıldı salıstırıw bul pazıyletlerdiń suw sıyaqlı háreketleniw qásiyetin, tereńligin hám kúshliligin kórsetedi. Suw hám tınısh, hám tasqın bolǵanınday, sóz hám aqıl jaqsılıq hám zıyan keltiriwi múmkin.

«*Suw jayaw ótseń - tereń, at penen ótseń – tayaq*». Naqılda suwdan keship ótiw tájiriybesin xalıq burınnan bilgen. Jayaw túrde suwdan kesip ótiwdiń qáwipli ekenligi, al at penen kesip ótiwde at tayaw sıyaqlı xızmet atqarıwı túsiniledi.

Tómendegi naqılda salıstırmalıq metaforası: haqıyqatlıq kózqarası bar.

*«Suwdıń betin kórseń de, tereńligin bilmeyseń»*. Adam hesh qashan sırtqı kóriniske qarap baha bermew kerek, al zatlardıń túp mánisi hám jasırın mánisi haqqında tereń filosofiyalıq uǵım bolıp, suw arqalı adam mánisi de túsiniledi. Yaǵnıy, adamnıń da kiyimine, júzine qarap onıń qanday ekenligine ústirtin baha bermew kerek, al onıń adamgershilik pazıyleti, ishki dúnyası aqıl-parasatı hám sózinen, hám ádebinen bilinedi.

Suw obrazı arqalı insannıń minez-qulqı hám ruwxıy qásiyetleri kórsetiledi.

Suw koncepti - jumsaq kúsh, sabır-taqat, kúsh kórsetpew obrazı sıpatında da belgili. Geyde suw naqıl-maqallarda miyrimsizlikke qarama-qarsı qoyılıp, jumsaqlıq, zorlıq emes, sabır-taqat tımsalı sıpatında keledi.

«*Suw aqqan jağına ağadı»*. Ayırım adamlardı boysındırıp, jılawlap bolmaydı. Suw da adamnan ǵárezsiz óz jolı, baǵdarı menen aǵadı. Bunda suw sıyaqlı adamda óz qızıǵıwshılıqları, intası menen óz baǵıtı, óz tańlaǵan jolı menen júredi degen mánis bar. Naqılda кishipeyillik, beyimlesiw, zatlardıń tábiyǵıy tártibin qabıl etiw belgisi berilgen.

Basqa xalıqlardıń suw haqqındaǵı naqıl-maqalları menen salıstırıp qaraǵanımızda, usıǵan uqsas motivlerdi basqa túrkiy yamasa slavyan xalıqlarınıń naqıl-maqallarında da kóriwimizge boladı:

Qazaqsha: *Suw - tirishilik kózi*, yaǵnıy suw jasawdıń, ómirdi dawam etiwdiń, tirishilik etiwdiń deregi. Ózbek tilinde bolsa, «*Suvsiz hayot yo'q» - Suwsız ómir joq*. Haqıyqatında da suwsız tirishiliktiń bolıwı múmkin emes. Adam balasınıń, pútkil insaniyattıń ómirsheńligi, ómiriniń dawam etiwi suw resurslarına tikkeley baylanıslı bolıp tabıladı. Rus tilinde bolsa, «*Береги воду как зеницу ока» - «Suwdı kóz qarashıǵınday saqla»* degen naqıl-maqal bolıp, adam denesinen kóz eń qádirli eń názik múshe, kózqarashıǵın ádette perzent te teńeledi. Bulardıń barlıǵı suw túsiniginiń universal ózgesheligin atap ótedi, biraq qaraqalpaq kontekstinde filosofiyalıq tereńlik hám ekologiyalıq sezgirlik ayrıqsha ajıralıp turadı. Qaraqalpaq xalqında suw koncepti menen qatnaslı bunnan basqa da naqıllar kóplep ushırasadı.

*Jatqan postın astınan suw da ótpeydi*. (6-b). Bul naqılda postın qısqı kiyiminiń oǵada qalıń ekenligi túsiniledi, onıń qalıńlıǵı suw menen salıstırılǵan.

*Dáryanıń suwın báhár tastıradı, Adamnıń kewlin miynet tastıradı.* (8-b)

Báhárde kún jılıp, muzlar erip dárya suwın tastıratuǵınlıǵı, suw óz kenarına sıymay aǵatuǵınlıǵı bizge belgili. Adam kewliniń hallaslawı, quwanıwı bul naqılda suwǵa megzetilip, kontrast qoyılǵan.

*Eńbekten qashqan dúmpekke jolıǵar,*
*Suw shıǵara almay shalıǵar*. (12-b)

Adamlar erte waqıtlardan-aq diyqanshılıq etiwdiń jolların, usılların bilgen. Biyik atızǵa suw aparıp egin egiw álbette qıyınshılıq is bolıp adamnan kóp miynet talap etedi. Bunda suw adamnıń kásibi, kún-kórisi menen baylanıslılıǵında bildiredi. Kóz jumbay suw keshiw joq. (12-b).

Bunda adamnıń táwekelshilik jigeri túsinilip, suwdı keship ótiw álbette mashaqatlı jumıs. Biraq, oǵan táwekel etpesen suwdı keship ótiw múmkin emes degen mánis túsiniledi.

Shólde suwsızlıqtıń azabın shekpegen,
Úyde ıssı nannıń qádirin ne bilsin. (13-b)

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq naqıl-maqallarında «suw» koncepti kóp qatlamlı qubılıs. Ol tek fizikalıq emes, al ruwxıy, ádep-ikramlılıq, minez-qulıq ólshemin de qamtıp aladı. Bul naqıl-maqallardaǵı suw - ómir, ádillik, danıshpanlıq, juwapkershilik hám tábiyat penen únleslik. Solay etip, naqıl-maqallar tek ǵana haqıyqatlıqtı sáwlelendirip qoymastan, al keleshek áwladlar ushın qádiriyat baǵdarların da belgileydi.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Абыканова Г.А. Концепт «Вода/суу» в русском и кыргызском языках. Автореферат. Бишкек. 2012. С.7.
2. Фоменко И.Б. Концепт ВОДА в русских и китайских фразеологизмах, пословицах и поговорках//Вопросы теории и практики. 2021. Т14, вып 10, С. 3229-3236.
3. Аскольдов С.А. Концепт и слово//Русская словесность: от теории словесности к структуре текста: антология. М., 1997. С. 267–269.
4. Qaraqalpaq naqıl-maqalları. Nókis, «Qaraqalpaqstan» baspası, 1978.